


MEDFORD

Yon Gid pou Jwenn Manje

Yon zouti k ap ede w navigate pwogram èd manje yo



REMÈSIMAN

Se Beth Israel Lahey Health
Winchester Hospital ak Medford
Mass in Motion ki finanse l..

Nou vle remèsyé Beth Israel
Lahey Health Winchester
Hospital pou jan yo te soutni
Inisyativ Sante Kominotè a.

Nou vle remèsyé MaryAnn
O'Connor ki nan Depatman
Sante vil Medford a, ak Syrah
McGivern ki nan Medford Mass
in Motion pou diresyon ak
sipèvizon yo te bay gid sa a.

Nou vle remèsyé fanmi Medford
yo ki te pataje tan yo ak
ekspéryans yo pou entèvyou ak
fanmi sou manje yo te fè an
prentan 2020; yo te bay
enflyians ak obsèvasyon pou
gid sa a.


Nou vle remèsyé manm
Medford Food Security
Taskforce yo pou revizyon ak
kontribisyon yo lè nou t ap
devlope gide sa a.

Ekriven:
Andreanne Breton-Carbonneau,
Konsiltan pou Klima, Sante, ak
Jistics, Maia Goldfarb, Deeksha
Bathini, ak Nkem Aduka, elèv k
ap fè staj ki soti nan Tufts
University, ak Gina Grasso, yon
elèv k ap fè staj ki soti nan
Curry College..

Kòrèksyon:
Rio Fischer.

Grafik dizay:
Jess Choi.

Konsiltan nan ACBC Consulting
te kowòdone bous atravè
pwosesis sa a..




Public Health

Prevent. Promote. Protect.



Èske wgen pitit ki gen mwens pase 21 an?



p.4-5

p.6

p.7

Èske ou menm ak/oswa pitit ou gen yon andikap?

SSI
oswa
SSDI

p.8

Èske w gen plis pase 60 an?

Pwogram
Manje Ansanm
ak Meals-On-
Wheels

p.9

KI JAN POU W ITILIZE GID SA A

Gid sa a se yon seri resous k ap ede diminye ratman manje. Gid la fèt pou l afiche enfòmasyon, resous, ak konatk k ap ede moun, fanmi, ak òganizasyon nan Medford pi byen konprann e jwenn pwogram sipò manje.

MOUN KI PA SITWAYEN AMERIKEN

Anpil pwogram asistans manje disponib pou tout abitan, kèlkeswa stati yo antanke imigran. Sepandan, li enpòtan pou n sonje yo te chanje règ yo konsènan "**sou kont piblik la**". Tanpri, gade pati konsènan "sou kont piblik la" (paj 10) pou w konprann pwogram ou menm ak fanmi w ka jwenn san w pa pè konsekans negatif. Apre sa, ou ka gade pati sou pwogram presi yo pou w jwenn plis enfòmasyon sou yo. Langaj gouvènman an itilize a konn flou, konplèks, e bay tètchaje, men sonje ou merite jwenn èd ou bezwen an, kèlkeswa stati w antanke imigran.

MOUN KI SITWAYEN AMERIKEN

Pwogram Asistans Manje Siplemantè a (SNAP), sa yo te konn rele "food stamps" (tenb manje), se yon pwogram manje pou fanmi oubyen moun ki gen yon revni ki fèb. Gendwa gen lòt pwogram pou ou, sa depann de sitiyasyon pèsonèl ou. Pou kòmanse, ou ka li òganigram nan pou w wè ki pwogram ou ka kalifye pou li, apre sa ou ka gade pati sa yo pou w jwenn plis enfòmasyon sou chak pwogram patikilye.

Sou Kont Piblik la

p.10

*Piske Konsèy Sante Vil
Medford a rekonèt difikilite
imigran yo genyen pandan
yo chèche sekirite
ekonomik, sekirite lojman,
ak sekirite alimantè, ni pou
yo menm, ni pou fanmi yo,
gid sa a gen ladan l yon pati
ki abòde kesyon "sou kont
piblik la".*

Èd Manje Ann Ijans

p.11

Pwogram Asistans Manje Siplemantè (SNAP)



Supplemental
Nutrition
Assistance
Program



Ki sa SNAP ye?

Pwogram Asistans Manje Siplemantè a ("Supplemental Nutrition Assistance Program" ann anglè, oswa SNAP), sa yo te konn rele "food stamps" (tenb manje), se yon pwogram byenfè manje federal pou fanmi ki gen revni fèb ki bay yo lajan siplemantè pou yo achte sèten kalite manje. Yo mete byenfè SNAP yo sou yon kat Transfè Byenfè Elektronik (EBT) chak mwa, e moun yo ka itilize yo nan makèt manje oubyen ti vandè manje. Ou ka itilize byenfè SNAP yo sèlman pou manje e pou plant ak semans pou plante manje pou fanmi w manje. Ou pa ka itilize byenfè SNAP yo pou w achte:

- Kèlkeswa manje cho oswa manje w ap tou manje anndan makèt la
- Vitamin ak medikaman

Pwogram Ankouraje Lasante

Pwogram Ankouraje Lasante a ("Healthy Incentives Program" ann anglè, oswa HIP) se yon byenfè pou kliyan SNAP yo ki fèt pou l fè lajan w rive pi lwen. Si fanmi w nan SNAP, w ap enskri otomatikman nan HIP. Ou ka itilize byenfè SNAP yo pou w achte fwi ak legim nan men fèm oswa vandè HIP otorize yo. Chèche logo HIP a oubyen mande vandè a si yo patisipe nan pwogram nan anvan w peye pou manje a. Fòk ou gen lajan SNAP pou w jwen byenfè motivasyon HIP a.

W ap jwenn \$1 pou chak dola w depanse lè w ap achte fwi ak legim ki kalifye yo, rive nan yon limit chak mwa. Limit ou chak mwa baze sou gwosè fanmi w (1 a 2 moun: \$40; 3 a 5 moun: \$60; 6+ moun: \$80). Byenke Medford pa gen okenn vandè HIP pou lemoman, ou ka jwenn byenfè HIP yo nan:

Mache agrikòl ("Farmers' markets")

- *Mache agrikòl Medford*
 - ant jen ak oktòb, jedi 3-7pm
 - yo ba w jiska \$20 nan SNAP/EBT
 - medfordfarmersmarket@gmail.com

Mache Mobil

- *Davis Square Farmers' Market*, Somerville, MA
 - Ant me ak novanm, mèkredi midi a 6pm
- *Somerville Winter Farmers' Market*
 - 191 Highland Ave, Somerville, MA
 - Ant desanm ak avril, samdi 9:30am - 2pm

Pwogram pataj fèm ki rele Agrikilti Kominotè ("Community Supported Agriculture" ann anglè, oswa CSA)

- *Brookfield Farm* - CSA, Arlington, MA
 - (413) 253-7991
- *Farmer Dave's* - CSA, Malden, MA
 - farm@farmerdaves.net; (978) 349-1952

Kalifye pou SNAP

ZOUTI ANLIY POU WÈ SI W KALIFYE:
<https://dtacconnect.eohhs.mass.gov/screening>



Pou kalkile si w kalifye pou SNAP nan Massachusetts, ou bezwen bay:

Gwosè Fanmi w

Sa gen ladan I ni moun ki rete lakay ou, ni moun ki achte/plante manje avè w.

- Timoun (ki gen mwens pase 22 an) toujou konte kòm manm fanmi w
- Pèsonaj (ki gen 60+ an) ak moun ki gen andikap konte kòm manm fanmi w si w achte/fè manje pou yo oubyen nou achte/plante manje ansanm.
- Moun ki anfème yon pyès lakay ou ak pitit ki adilt (ki gen 22+ an) PA konte nan gwosè fanmi w

Revni Brit

Se kantite lajan fanmi w fè. Sa gen ladan I ni revni travay (lajan w fè paske w travay), ni revni w pa t travay pou li (lajan yo ba w kòm èd, Sekirite Sosyal, asirans chomaj, ak sipò pou timoun, elatriye)

Revni Nèt

Li teni kont de dediksyon ak taks. Sa ka konplike pou w fè poukout ou. Si revni fanmi w mwens pase limit brit la, fè demann pou w ka konnen si w rive nan limit revni nèt la.

Stati antanke sitwayen/pa sitwayen

Moun ki pa sitwayen kalifye tou (pou w jwenn plis enfòmasyon pou moun ki pa sitwayen, gade paj 10 konsènan "Sou Kont Piblik la").

Byenfè SNAP yo

Fòmil byenfè SNAP la mete nan tèt li fanmi yo pral depanse 30% revni nèt yo pou manje; SNAP konble diferans lan ant 30% sa a ak pri "Plan Manje Ekonomik" la, ki se yon plan dayèt Depatman Agrikòl Ameriken an (USDA) te kreye ki pèmèt moun jwenn ase nitrisyon san yo pa depanse anpil.

Ki jan pou Fè Demann



FÈ DEMANN ANLIY: <https://dtacconnect.eohhs.mass.gov/apply>

RELE BIWO SNAP KI NAN ZÒN OU: (781) 388-7300

Gwosè Fanmi*	Limit Revni Brit Chak Mwa**	Maksimòm Byenfèò
1	\$2,126	\$204
2	\$2,873	\$374
3	\$3,620	\$535
4	\$4,366	\$680
5	\$5,113	\$807
6	\$5,860	\$969
7	\$6,606	\$1,071
8	\$7,353	\$1,224
Pou chak lòt manm fanmi	+\$746	+\$153

* Minimòm byenfè yon fanmi ki gen youn ak 2 moun ka jwenn se \$16.

** Si fanmi w gen yon pèsonaj (ki gen 60+ an) oswa yon moun andikape, yon revni brit ki pi wo gendwa kalifye kanmenm.

Kalifikasyon an soti 1 oktòb 2020 rive 30 septanm 2021. Note sa: Itilize tablo a kòm yon gid; limit revni yo gendwa chanje.

Verifikasiyon pou SNAP

Fò w bay enfòmasyon ki vin apre yo pou w fini pwoesisi aplikasyon SNAP la:

- Idantite ak/oswa Nimewo Sekirite Sosyal (SSN)
 - Ou abite Massachusetts
 - Lajan w touche ak kantite moun nan fanmi w
 - Lòt revni: si w jwenn konpansasyon travayè, byenfè veteran, pansyon, sipò pou timoun, sipò pou ansyen konjwen, elatriye
 - Stati antanke imigran, si sa apwopriye
- Verifikasiyon pou SNAP ki opsyonèl - bagay ou ka bay ki ka fè w kalifye pou plis byenfè SNAP:
- Pri lojman w
 - Pri itilite w yo (gaz/kouran/dlo/elatriye)
 - Depans pou pran swen moun ki sou kont ou (depans pou gadri pou timoun oswa adilt)
 - Depans medikal
 - Peman pou sipò timoun
 - Sèten depans pou biznis, si w travay pou tèt ou



Pwogram Manje Siplemantè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC)



Ki sa WIC ye?

Fanm, Tibebe, ak Timoun ("Women, Infants, and Children" ann anglè, oswa WIC) se yon pwogram manje gratis ki bay manje ki bon pou lasante, edikasyon sou nitrisyon, sipò pou alètman, ak rekòmandasyon pou swen sante ak lòt sèvis, pou fanmi Massachusetts ki kalifye. WIC se pou tout kalite fanmi, san wete fanm ansent ak manman ki fèk fè premye ptit yo. Si w se paran oubyen responsab legal yon timoun ki gen mwens pase 5 an, ou ka fè demann WIC pou ptit ou.

Si w déjà gen WIC, mande biwo ki nan zòn ou pou Koupon Pwogram Nitrisyon Mache Agrikòl WIC; yo bay lòt lajan ankò pou w achte manje ki fre nan nenpòt mache agrikòl.

Kalifye pou WIC

Ou ka patisipe nan WIC si w:

- Rete Massachusetts.
- Gen bezwen alimantè (pèsonèl WIC a ka ede w detèmine sa).
- Gen yon ptit ki gen mwens pase 5 an, ou fèk manman, ou ansent, oswa w gen ptit nan tete.
- Revni fanmi w pi piti pase limit WIC yo(gade tablo a).

Gwosè Fanmi	Limit Revni Chak Mwa
1	\$1,968
2	\$2,658
3	\$3,349
4	\$4,730
5	\$5,421
6	\$5,421
7	\$6,112
8	\$6,802
Pou chak lòt manm fanmi	+\$691

Soti 10 jan 2020 rive 30 jan 2021. Itilize tablo a kòm yon gid; limit revni yo gendwa chanje.

Ou kalifye pou WIC otomatikman si aktyèlman ou jwenn:

- Plan asirans MassHealth/Medicaid.
- Pwogram Asistans Manje Siplemantè (SNAP).
- Èd Tranzisyon pou Fanmi ki gen Timoun (TAFDC) oswa asistans lajan kach.



Ki jan pou Fè Demann




FÈ DEMANN ANLIY: <https://www.mass.gov/forms/apply-for-wic-online>

RELE BIWO WIC KI NAN ZÒN OU: (781) 338-7578

Manje Lekòl ki Gratis/Gen Rabè

Ki sa Manje ki Gratis/Gen Rabè ye?

Medford Public Schools ofri manje chak jou lekòl. Manje maten gratis epi manje midi koute \$3.00 pou lekòl elemantè e \$3.25 pou lekòl entèmedyè ak lekòl segondè. Manje midi ki gen rabè koute \$0.40.



Yo ofri manje ki gratis e ki gen rabè pou soutni fanmi ki gendwa gen difikilite pou yo jwenn manje oswa pou yo peye manje lekòl yo. Si w te pèdi travay ou dènyèman, si w te fè demann asirans chomaj, oswa si w ap travay mwens, pitit ou yo gendwa kalifye pou manje ki gratis oswa ki gen rabè.

Kalifye pou Manje ki Gratis/Gen Rabè

Gwosè Fanmi	Rabè-185% Limit Revni Chak Mwa	Gratis 130% Limit Revni Chak Mwa
1	\$1,968	\$1,383
2	\$2,658	\$1,868
3	\$3,349	\$2,353
4	\$4,040	\$2,839
5	\$4,730	\$3,324
6	\$5,421	\$3,809
7	\$6,112	\$4,295
8	\$6,802	\$4,780
Pou chak lòt manm fanmi	+\$691	+486

Regleman Federal sou Kalifikasyon selon Revni yo aplikab soti 1 jiyè 2020 rive 30 jen 2021. Itilize tablo a kòm yon gid; limit revni yo gendwa chanje.

Lòt Enfòmasyon sou Kalifikasyon pou Manje Gratis

- Timoun ki fè pati fanmi ki jwenn byenfè sa yo:
 - Pwogram Asistans Manje Siplemantè (SNAP)
 - Èd Tranzisyon pou Fanmi ki gen Timoun (TAFDC)
 - Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèvasyon Endyen (FDPIR)
 - Sèten kategori Medicaid
- Timoun dakèy ki sou responsabilite legal yon òganizasyon swen akèy oubyen tribinal.
- Timoun k ap patisipe nan pwogram "Head Start" la nan lekòl yo.
- Timoun yo defini kòm sanzabri, ki kouri kite lakay yo, oswa ki migran (si fanmi w deplase pou travay selon sezon an, pa egzanp, travay agrikòl migran)



Pou fanmi ki gen timoun ki t ap resevwa Manje ki Gratis/Gen Rabè, P-EBT ofri yo èd manje pandan lekòl fèmen. Pou w jwenn plis enòmasyon, rele Project Bread FoodSource: (800) 645-8333



Pandan lekòl fèmen pou COVID-19, ou ka jwenn manje gratis nan diferan andwa kote yo tou ba w li nan pake pou w ale avè l; w ap jwenn dènye ransèyman yo nan <https://tinyurl.com/medfordfoodcovid>.

Ki jan pou Fè Demann



APLIKASYON:

(Kòmanse nan paj 6)
<https://www.mps02155.org/departments-programs/school-lunch/free-and-reduced-breakfast-and-lunch/>



SKANE M

VOYE L BAY: School Lunch, 489 Winthrop St., Medford MA 02155 oswa nan kafetarya lekòl pitit ou. Gen aplikasyon nan 26 lang diferan. Mande lekòl ou yon aplikasyon nan lang preferé w.

Enfòmasyon ki Enpòtan

- Ou ka itilize yon sèl (1) aplikasyon pou tout elèv ki nan fanmi w.
- Ou gendwa fè demann oubyen refè demann nenpòt ki lè pandan ane lekòl la.
- Aplikasyon pitit ou valab pou ane lekòl ou te fè demann nan sèlman epi pou premye jou yo nan ane lekòl ki vin apre a. **You Fòk ou voye yon nouvo aplikasyon chak ane** sof si lekòl la te kontakte w avèk yon anons ki fè w konnen pitit ou kalifye deja pou nouvo ane lekòl la.

Moun ki gen Andikap

Piske anpil moun andikape fè fas ak plis depans ak lòt difikilte, règ pwogram SNAP yo bay yo plis konsiderasyon lè y ap detèmine si yo kalifye e pou konbyen byenfè.

Enpòtan: fòk yo ap resewva byenfè andikap nan men youn nan pwogram Sekirite Sosyal ("Social Security") oswa Revni Sekirite Siplemente ("Supplemental Security Income") yo.



Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA)

Tandiske pwogram andikap Sekirite Sosyal e Revni Sekirite Siplementè yo diferan, egzijans medikal yo menm pou toude. Si w ranpli kritè ki pa medikal yo, y ap peye w byenfè chak mwa si w gen yon kondisyon medikal ki pral dire omwen ennan oswa ki pral touye w.

Sekirite sosyal itilize yon definisyon strik pou defini andikap

- Adilt (ki gen 18+ an): fòk yo konplètman avèg oubyen avèg an pati, oswa gen yon kondisyon medikal ki anpeche yo travay e ki pral dire omwen ennan oswa ki pral touye yo.
- Timoun (ki gen mwens pase 18 an): fòk timoun nan gen yon andikap fizik oubyen mantal (oswa toude) ki ba l gwo restriksyon nan fonksyònman l.
- Moun ki gen andikap pou yon ti tan oswa ki andikape an pati sèlman pa kalifye.

Ki sa SSI ye?

Pwogram Revni Sekirite Siplementè a (SSI) peye byenfè pou adilt ak timoun ki gen yon andikap e ki gen yon revni ak resous ki fèb.

Ki sa SSDI ye?

Pwogram Asirans Andikap Sekirite Sosyal la (SSDI) peye byenfè pou ou menm ak sèten manm fanmi si nou "gen asirans", ki vle di ou te travay pandan ase tan, epi tou dènyèman ou te peye taks Sekirite Sosyal selon revni w. Ou dwe fè demann byenfè andikap osito w vin andikape.



ZOUTI ANLIY POU WÈ SI W KALIFYE: <https://ssabest.benefits.gov/>
benefit-finder

RELE BIWO SEKIRITE SOSYAL KI NAN ZÒN OU: (866) 596-8598



SKANE M

Lòt Sèvis Lokal pou Moun ki gen Andikap ak/oswa Pèsonaj

Mystic Valley Elder Services

Pou pèsonaj (60+)
Rele (781) 242-5119

Pou adilt ki gen andikap,
Rele (781) 324-7705 ekst.100

- Konsèy gratis
- Èd pou jwenn resous
- Sèvis swen kay
- Sèvis manje
- Sipò pou moun ki okipe lòt moun
- Transpò
- Sèvis pwoteksyon
- Konsèy sou asirans sante

Depatman Sèvis Veteran

Kontakte Michael Durham
nan Lameri Medford a
mdurham@medford-ma.gov,
(781) 393-2505

- Ede veteran ki bezwen abri, rad, manje, travay, fòmasyon, ak edikasyon
- Bay verteran ak moun ki sou kont yo konsèy sou SSI, SSDI, ak Medicare

SCM Transportation,

Inc. Bay pèsonaj ak moun ki gen andikap transpò pou rezon medikal e manje (Kote yo Bay Pèsonaj Repa ak Fè Acha).

Rele nan (617) 625-1191
pou w jwenn plis enfòmasyon e pou w pran randevou pou yon woulib.

Pèsonaj (60+ An)



BIWO ASISTANS SNAP POU PÈSONAJ:
(833) 712-8027



Pwogram Manje Ansanm ak Meals-On-Wheels

Mystic Valley Elder Services la bay adilt manje ekilibre pa mwayen repa ansanm ak sèvis livrezon lakay. Ou pa peye anyen pou manje midi, ni lè w manje yon kote moun pran repa, ni lè Meals-on-Wheels livre manje a lakay ou.



Manje Ansanm (Kote yo Fè Repa)*

Isit, w ap ka fraternize ak lòt moun e rankontre vwazen pandan repa a. Jeneralman yo sèvi manje midi yo vè midi, lendi rive vandredi. Tanpri, rele andwa kote yo bay manje a dirèkteman pou w fè yon rezèvasyon omwen 24 èdtan davans.



Sèvis Livrezon Lakay

Pwogram livrezon manje lakay la ofri repa espesyal ki respekte restriksyon alimantè akoz pwoblèm medikal oubyen reliyion.

W ap jwenn repa w ant 10 è AM ak 1 è PM, lendi rive vandredi.

Pou w jwenn enfòmasyon sou si w kalifye pou Meals-on-Wheels, rele Mystic Valley Elder Services, Sèvis Nitrisyon an: 781-324-7705.

Yo fèmen andwa kote pèsoaj konn manje yo tanporèman pandan Ijans COVID-19 la.

Kalifikasyon pou Manje Ansanm ak Meals-On-Wheels

- Nenpòt adilt ki gen omwen 60 an gendwa patisipe kote pèsonaj yo manje ansanm nan.
- Adilt ki gen omwen 60 an, oswa adilt ki kalifye ki gen andikap yo klase kòm "kloure lakay" kalifye pou yo livre manje lakay yo.

Medford Senior Center

101 Riverside Avenue
(781) 396-6010

- Èd pou pwosesis aplikasyon SNAP la ak nenpòt kesyon sou pwogram nan.
- Kowòdone pwogram ak sèvis pou pèsonaj nan kominate a.
- Pandri Manje Medford pou Pèsonaj

Medford Elder Food Pantry

Pandri manje a fèmen tonporèman pandan ijans COVID-19 la. Dezyèm jedi chak mwa, 2-3pm.

Pou w patisipe, fòk ou abite Medford, fòk revni w pi ba pase Limit Povrete Federal la, epi fòk ou gen 60+ an oswa w se yon adilt ki gen yon andikap ki rete nan Lojman Medford pou Pèsonaj. Kontakte Medford Senior Center pou w fè demann.

Gwosè Fanmi	Limit Reni Chak Mwa
1	\$1,063
2	\$1,436
3	\$1,810
Pou chak lòt manm fanmi	+\$373

Kalifikasyon an se pou 15 janve 2020 rive 14 janve 2021. Itilize tablo a kòm yon gid; limit revni yo gendwa chanje.

Sou Kont Piblik la

Departman Sekirite Enteryè Ameriken an te pase règ final ki rele "Pa Kalifye Poutèt li Sou Kont Piblik la" nan dat 24 fevriye 2020 an. Si l itilize sèten byenfè piblik, yo gendwa idantifye yon imigran k ap fè demann yon kat vèt oubyen viza kòm yon moun ki "sou kont piblik la", e konsa yo detèmine li "pa ka pran swen tèt li oswa fanmi l". Si yo idantifye yon imigran kòm yon moun ki sou kont piblik la, li pap ka antre oubyen rete Etazini. Moun k ap depoze aplikasyon pou chanje stati yo antanke imigran PA oblige rapòt byenfè piblik yo te jwenn anvan 24 feriye 2020.

Kiyès sa pral afekte?*

Nenpòt moun ki Etazini k ap chèche rezidans pèmanan (LPR) grasa yon demann familyal:

- Moun k ap chèche LPR grasa yon viza travay.
- Moun k ap chèche yon viza ki pa pou imigran oswa k ap chèche pwolonje oubyen chanje stati yo antanke yon moun ki pa imigran.
- LPR k ap tounen Etazini apre yo te vwayaje pandan 6 mwa oubyen plis.

Kiyès ki pa anba lwa "sou kont piblik la"?*

- Moun k ap anrejstre ankò pou Stati Pwoteksyon Tanporè;
- Jèn Imigran Espesyal ("Special Immigrant Juveniles");
- LRP k ap mande sitwayènte;
- Moun k ap fè demann yon kat vèt pa mwayen:
 - Azil oswa stati antanke refijye;
 - Demann VAWA (Lwa sou Fanm Kont Vyolans) pou tèt ou, san wete demann menm jan an;
 - Viza U oswa T;
 - Demann moun ki gen yon paran ki ameriken ak youn ki azyatik;
 - Demann Imigrasyon Espesyal pou moun Afganistan oswa Irak
 - Demann Antre Kiben e Ayisen;
 - Demann NACARA (Lwa sou Ajisteman Nikaragua ak Èd pou Amerik Santral); oswa
 - Lwa sou Jistics pou Imigrasyon Refijye Ayisen ("Haitian Refugee Immigration Fairness Act").

Ki byenfè yo konsidere kòm "sou kont piblik la"?*

Kote w jwenn nenpot konbineaon byenfè pou 12 mwa antou pandan 36 mwa ki sot pase yo:

- Pwogram Asistans Manje Siplementè (SNAP);
- Lojman sibvansyone ak èd lojman Section 8;
- Revni Sekirite Siplementè (SSI);
- Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF); oswa
- asistans lajan kach pou mentans revni ki federal, leta, oswa lokal.
- Byenfè Medicaid ki pa ijans;
- Etène nan yon etablisman sou kont leta pou swen long tèm.

Ki byenfè yo PA gade pou kesyon "sou kont piblik la"? *

- Fanmi, Tibebe, ak Timoun (WIC);
- Byenfè nan lekòl (pa egzanp, manje gratis, P-EBT), depo manje gratis ("food bank"), ak pandri manje);
- Asirans chomaj;
- Asistans Enèji;
- Byenfè Veteran;
- Asirans federal ak asirans leta pou Pèsonaj, Sivivan, ak/oswa Andikap;
- Konpansasyon travayè;
- Medicaid (MassHealth) pou moun ki gen mwens pase 21 an ak fanmi ansent (plis 60 jou apre akouchman);
- Pwogram Asirans Sante Timoun (CHIP), Plan Sekirite Medikal pou Timoun (CMSP);
- Asistans Familyal MassHealth ki pou Eta a sèlman;
- Ranbousman dapsre Medicare Pati D;
- Prè gouvènman an fè w ou oblige remèt; oswa
- Èd sinistre ak abri.

Ki efè sa gen sou pitit mwen yo ki gendwa ap itilize byenfè piblik?*

Si manm fanmi w yo jwenn byenfè, tankou si w jwenn SNAP pou timoun ou yo, yo pa konte sa kòm "sou kont piblik la". Byenfè sante ak manje pitit ou resewva yo pa gen yon efè sou stati w antanke imigran. Mete sou sa, ou pa oblige bay enfòmasyon sou stati w antanke imigran lè w ap fè demann byenfè pou pitit ou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon

Èske w gen lòt kesyon konsènan "sou kont piblik la"?

Voye yon imèl bay Jessica Chicco nan jchicco@miracoalition.org nan Massachusetts Immigrant & Refugee Advocacy (MIRA) Coalition an.

GRATIS Klinik Legal pou Imigrasyon

Rian Immigrant Center (Sant Imigrasyon): Disponib nan telefòn pandan COVID-19. Pran yon rendevou nan (617) 542-7654.

Greater Boston Legal Service (Sèvis Legal): Disponib chak 2 madi. Pran yon randevou nan (617) 603-1808.



*Sous: Cambridge Health Alliance (CHA) Sèvis Imigrasyon ak Massachusetts Immigrant & Refugee Advocacy (MIRA) Coalition

Asistans Manje ann Ijans

COVID-19 bay fanmi yo plis traka sou tout tè a. Pou jere sa, gen plizyè pwogram ak modifikasyon pou abòde difikilte pandemi COVID-19 la pote. Nan kèk ka, aplikasyon yo fèt anliy avèk plis asistans pou aplikasyo yo disponib.

Liy Telefòn

USDA Liy Telefòn pou Grangou

(866) 348-6479 pou anglè

(877) 842-6273 pou espanyòl

Reprezantan USDA Liy Telefòn Nasional pou Grangou yo pral chèche resous manje pou ou, tankou kote yo bay repa, depo manje gratis, ak lòt sèvis sosyal ki disponib nan zòn ou.



Liy Teleòn Project Bread FoodSource

(800) 645-8333

TTY: (800) 377-1292

Liy Telefòn FoodSource la se yon sèvis enfòmasyon ak referans konplè pou tout eta Massachusetts la pou moun k ap fè fas ak grangou. Reprezantan yo travay pou yo ede moun anwole nan tout pwogram manje eta e federal yo, epi yo refere moun ki rele yo nan resous manje ki nan zòn yo.

Resous Manje Lokal

Resous Manje nan Medford, MA

<https://tinyurl.com/medfordfoodcovid>

Yo fè Mizajou regilyèman nan fèy Resous Manje Medford COVID-19 la pou reflete chanjman nan sikontans.



SKANE M

Kote w ka Pase Pran Manje nan Medford Public School

<https://tinyurl.com/medfordfoodcovid>

Mystic Valley Y ap kolabore avèk Depatman Rekreyasyon Medford a pou yo bay nenpòt moun ki gen mwens pase 18 an manje gratis. Ou pa bezwen enskri oubyen bay idantite w. Epi, Medford Public Schools ap ofri repa moun ka pase pran ("Grab n' Go") nan sèten andwa.

Goolge Map pou Resous Manje

<https://www.foodmedford.com/>

Kat jeyografik ki gen ti pandri manje lokal yo ak lòt resous manje



SKANE M

Resous Manje Rejyonal

The Greater Boston Food Bank (Depo Manje Gratis)

<https://www.gfb.org/need-food/>

Mete kòd zip ou nan sit wèb sa a pou w jwenn pandri manje/pwogram repa kominotè nan zòn ou.



SKANE M

Sipò Manje pou Pandemi an

Pandemic EBT (P-EBT)

<https://www.mass.gov/info-details/pandemic-ebt-p-ebt>

P-EBT ofri fanmi ki gen timoun ki t ap resevwa Manje Lekòl ki Gratis/Gen Rabè yo èd manje pandan lekòl fèmen. Si pitit ou te resevwa Manje Lekòl ki Gratis/Gen Rabè pandan ane lekòl ki sot pase a, ou te dwe resevwa yon lèt nan lapòs ki soti nan Depatman Asistans Tranzisyon an (DTA) ant mwa me ak jen. Si w pa t jwenn li, ou ka rele liy telefòn Project Bread FoodSource la pou yo ede w: (800) 645-8333.



SKANE M